

3 jiyè

**Aprè sa Jezi pwoche bò sèkèy la, li manyen l, li di : jennonm, se mwen menm k ap pale avè ou. Leve !
Epi mò a leve chita li kòmanse pale. Jezi renmèt li bay manman li.**

Tout moun yo te pè yo t ap fè louwanj Bondye...

Lik 7. 14-16

Leve !

Jezi ap pale ak nou : li Lik 7. 11-17

Nan antre vil Nayin te gen de gwoup moun ki te rankontre. Youn ap suiv sèkèy sèl pitit fanm vèv la te genyen an. Lòt gwoup la ap suiv Jezi. Se pa ti kontras ki gen ant de gwoup sa yo ! Youn antoure “Prens ki bay lavi a” (Travay 3. 14), lòt gwoup la antoure yon mò. Lanmò san pitye, li frape tout moun san li pa bezwen konnen gwo doulè aksyon li koz. Foul moun ki te nan antèman sèl pitit vèv la, te montre yo pataje pèn nan avèk li, men senpati yo te yon fèb soulajman pou vèv la, paske yo pa te ka resisite pitit la. Lè Jezi wè vèv la ap kriye, kè Kris te fè l mal pou li, epi Jezi di li : “pa kriye !”. Sèl Kris ka pale konsa, paske sèl li menm k ap bay pitit la lavi ankò. “jennonm, se mwen menm k ap pale avè ou. Leve !” avèk tandrès, li remèt tigason an bay manman li. Sa se vrè konsolasyon an, pitit la leve tou vivan, pèsonn moun pa ka eksplike l.

Mo sa yo ke sèl Jezi ka di : “jennonm, mwen di ou” – Li ka pètèt adrese a ou menm k ap li liy sa yo kounye a, menm si ou jenn oswa granmoun. Èske vi ou tris ? Oubyen èske lavi ou pa gen sans ? li sanble san objektif ? Èske pèsonn pa apresye ou ? Oubyen pa bay ou valè ? Tande ! Jezi gen yon pawòl espesyal pou ou menm. Istwa ou ak tout ou menm gen anpil valè pou Bondye, menm si lavi ou pa gen sans, ou tris, ou vle dekouraje akoz pwoblèm lavi sa a.

“Leve !”. Vèb sa nan levanjil yo, toujou ret kole ak mo leve sòti vivan nan lanmò. Si ou vin jwenn Bondye, l ap ba ou yon lòt vi tou nèf, l ap resisite ou. Jodi a menm ou k ap rankontre Senyè a pandan ou ap koute ak resevwa pawòl li. Se pou li Bib la e mande Senyè a nan priyè ou pou li ouvri kè ou tou pou ka konprann mesaj la, konsa ou va viv.

3 juillet

**(Jésus dit au mort :) Jeune homme, je te dis, lève-toi !
Le mort se souleva et s'assit, puis il commença à parler ; et Jésus le donna à sa mère.**

Ils furent tous saisis de crainte, et ils glorifiaient Dieu

Luc 7. 14-16

Lève-toi !

Jésus nous parle : lire Luc 7. 11-17

A l'entrée de la ville de Naïn, deux foules se rencontrent. L'une suit un cercueil, celui du fils unique d'une veuve, l'autre fait route avec Jésus. Quel contraste entre ces deux cortèges ! L'un entoure "le Prince de la vie" (Actes 3. 14), et l'autre la mort, cette mort impitoyable qui frappe, sans se préoccuper des douleurs qu'elle cause. La foule qui forme le convoi funèbre montre une véritable sympathie pour la mère, mais quel faible soulagement devant l'irréremédiable ! Voyant la mère, Jésus est rempli de compassion et lui dit : "Ne pleure pas". Lui seul peut parler ainsi, car lui seul peut redonner la vie. Et il le fait par une parole : "Jeune homme, je te dis, lève-toi !" Avec tendresse, il rend à la mère son fils unique, vivant. Inexprimable consolation !

Ces mots très personnels de Jésus – "Jeune homme, je te dis" – s'adressent peut-être aussi à toi qui lis ces lignes, jeune ou plus âgé. Ta vie est-elle triste, sans but ? Es-tu incompris, anonyme ? Jésus a pour toi une parole personnelle qu'il ne donne qu'à toi. Ton histoire et ta personne sont uniques pour Dieu, même si ta vie te paraît inintéressante ou même douloureuse.

"Lève-toi !". Ce verbe, dans l'évangile, est lié à la résurrection. Une vie nouvelle, totalement neuve, te sera donnée. Aujourd'hui tu peux rencontrer le Seigneur en écoutant et en recevant sa parole. Lis la Bible, prie le Seigneur qu'il ouvre aussi ton cœur à son message, et tu vivras.